# PEDAGOGIKA ILIMLERI

## Pedagogika teoriyası hám tariyxı

### КАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ ТИЙКАРЫНДА КИШИ ЖАСТАҒЫ БАЛАЛАРДЫҢ ПИКИРЛЕЎИН РАЎАЖЛАНДЫРЫЎ

**П.И.Абдалиева** - *ассистент оқытыўшы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сузлар**: урф, фольклор, терма, алла, тўлғов, термишлар.
**Ключевые слова**: традиция, детский фольклор, песни-прибаутки, колыбельные песни.
**Key words**: tradition, childrens’ folkore, termes, lullaby songs.

«Қарақалпақ халқы әййемги ҳәм бай тарийхқа ийе. Ол өзиниң миллий мәденияты, өзине тән көркем өнери, классикалық әдебияты, руўхый байлықлары, үрп-әдетлери ҳәм дәстүрлери менен пүткил дүньяға мәлим», - деген еди мәмлекетимиздиң Биринши Президенти И.Кәримов [4]. Әлбетте, бул қарақалпақ халқының миллий қәдириятларына берилген жоқары баҳа ҳәм оны мақтаныш етиўден туўылған шын сүйиспеншилик нышаны болып табылады. Мәмлекет басшысы тәрепинен айтылған бул руўхландырыўшы пикирлер усындай бийбаҳа мийрасларды еле де кең түрде үйрениў зәрүрлигин ўазыйпа етип қояды.

Ҳәр кандай халық өзиниң тәкирарланбас тарийхына, үрп-әдет ҳәм салт-дәстүрлерине ийе. Дәстүр – бул, атадан балаға өтип, өз өзгешелигин өзгертпей келген халықлық үрдислер ҳәм қағыйдалар жыйынтығы. Ҳәр қандай халықтың ғалабаласқан ҳәм турақласқан қәдириятлары «дәстүрий мәденият» деп аталады. Фольклор да дәстүрий мәденияттың бир бөлеги болып есапланады. Усы тийкарда «дәстүрий фольклор» түсиниги жүзеге келген. Дәстүрий фольклордың өзи де тутас бир қубылыс болып, оның үлкен бир буўынын балаларға арналған халық аўызеки дөретпелери менен балалар ойынлары қурайды. Қарақалпақ халқының дәстүрий балалар фольклоры да - усындай тутаслыққа ийе өз алдына бир тараў.

Қарақалпақ халық фольклорының изертлениў тарийхы бурынғы аўқам дәўиринен басланды деп айтсақ қәтелеспеймиз. ХХ әсирдиң орталарында қарақалпақ фольклоры белгили илимпазлар Н.Дәўқараев, Қ.Айымбетов ҳәм О.Кожуровлардың илимий мийнетлеринде сөз етилген болса, кейин ала бул тараўда көплеген илимпазларымыз фольклордың ҳәр түрли жанрларында илимий-изертлеў жумысларын алып барды.

Қарақалпақ фольклортаныў илиминде дәстүрий балалар фольклоры тутас ҳалында изертленбеген мәселе. Солай да болса, балаларға арналған фольклорлық дөретпелер бойынша дәслепки пикирлер Қ.Айымбетов ҳәм О.Кожуровлардың, Н.Дәўқараевтың мийнетлеринде сөз етилип баслады. Ал ХХ әсирдиң 60-жылларынан баслап дәстүрий бала тәрбиясы, балаларға арналған аўызеки әдебий дөретпелер, балалық дәўирге тән ойынлар ҳәм басқа да этнофольклорлық мийраслар бойынша бирқатар изертлеў жумыслары жүзеге келди. Ә.Тәжимуратов қарақалпақ халық поэзиясы менен миллий педагогика тийкарларын изертлеген болса, И.Курбанбаев қарақалпақ балалар әдебияты бойынша илимий излениўлер алып барды ҳәм олар бул темаларда кандидатлық диссертациялар жақлады. Сондай-ақ, бүгинги күнде қарақалпақ балалар фольклорын Бухара қарақалпақлары мысалында ҳәр тәреплеме өзиниң мазмунлы мақалалары менен баспасөзде жас алым Сейдин Амирлан изертлеў ислерин алып бармақта.

Биз сөз етпекши болып атырған қарақалпақ фольклоры үлгилери тийкарында киши мектеп жасындағы балалардың еркин пикирлеўин раўажландырыў мәселеси әйне балалар фольклоры үлгилери есапланған бесик жыры, терме ҳәм термишлерде өз сәўлелениўин тапқан.

Қарақалпақ балалар фольклоры үлгилеринен саналған бесик жыры, балалар ойынлары, жаңылтпашлар, термелер ҳәм термишлер киши жастағы балаларды тәрбиялаўда әҳмийетли қурал ўазыйпасын атқарады.

Қарақалпақ балалар фольклорында бала тәрбиясы мәселелери баланың дуньяға келиўинен басланады. Себеби, ата-бабаларымыз нәрестениң дүньяға келиўинен баслап ҳәйиў айтып оны жубатқан. Аналар баласына деген тилегин намаға салып поэтикалық қатарлар арқалы келешекте баласының бахытлы азамат болып ер жетиўине тилеклер билдириў арқалы оған деген мухаббатын баян етсе, екинши тәрептен баланы әлпешлеп, еркелетип аялаған. Мәселен:

Қарағым мениң қайда екен,
Кызлар менен тойда екен.
Тойда болса тойласын,
Орамалын жоймасын.

Белгили илимпаз алым Н.Дәўқараев бесик жырын салт әдебияты жанрының түрине киргизеди ҳәм былайынша түсиник берип өтеди:”Салт әдебиятының көпшилиги адамның дүньяға келиўи, балалық дәўири, ер жетиўи, үйлениўи, дүньядан қайтыўы ҳәм адамның өмир өткеллеринде гезлесетуғын түрли ҳәдийселерге байланыслы шыққан. Сонлыктан да, салт әдебиятының мазмуны терең, түрлери көп” деп жазады ҳәм “салт әдебиятының ескиден киятырған түрлериниң биреўи-бесик жыры ямаса ҳәйя жас балаларды жубатыў ушын айтылады” [3] деген пикирлерди билдиреди. Ҳәзирги ўақытта жас алымларымыздан Сейдин Әмирлан буны аялаў поэзиясы қатарына киретуғын айдырмашлар, сүймишлер деп киритеди ҳәм оған былайынша түсиник берип өтеди: ”ҳәйиў намасына салып жырланатуғын дәстүрий өзгешелиги бойынша бөбек сөзди түсине баслағаннан кейин айтылатуғын айдырмашлар тәбиятына жақын” деп көрсетип өткен [1]. Баланы аялап-әлпешлеў мақсетинде айтылатуғын бундай бесик жырлары бүгинги күнде де өз әҳмийетин жойтпастан әўладтан-әўладқа жетип келмекте.

Балалар фольклорының және бир түри болған термелер балаларды ҳәр тәреплеме жетик озық ойлы билимли инсанлар етип тәрбиялаўда гиреўли орынға ийе. Термелер нақыл-мақаллардан арнаў қосықлардан терип алынып ақыл-нәсият формасында саз әспабы тийкарында жыраў-бақсылар тәрепинен атқарылатуғын фольклорлық жанрдың бир түри саналып, ата-бабаларымыз оны балалар тәрбиясында кең қолланып келген. Әдетте, термелерди жыраўлар дәстанды баслаў алдында кирис сөз ретинде нақыл-мақаллардан нәсият сөзлерден баслаған. Термелер көлемине қарай еки түрге бөлинген халыққа үгит-нәсият тәлим-тәрбия беретуғын, көлеми жағынан қысқа түри терме деп аталса, белгили бир ўақыяны жырлайтуғын узақ түри толғаў деп аталған. Жыраў термесиниң толғаў түрин, яғный тарийхта аты бар адамлар туўралы болған сөзлерди тарийхый толғаўлар деп те атаған.

Термелерде ақыл-нәсият формасында адамлардың жәмийетлик турмысында не пайдалы, не пайдасыз, жаман менен жақсы салыстырылады, ҳақыйқый дос қандай болыў кереклиги уқтырылады. Мәселен:

Жақсы менен дус болса
Басына күнлер туўғанда,
Достым деп жылап барғанда,
Жақсы сөзин бир айтып,
Капа кеўлин шадлайды
Жаман менен дус болсаң,
Басыңа саўда түскенде,
Достым деп жылап барғанда,
Зәлели тийер маған деп,
Өзиниң басын қорғайды,
Қуры тил менен алдайды.

Буннан тысқары, термелерде балалар тәрбиясында жәмийетлик өлшемлерге туўры келмейтуғын жат нәрселерди қаралаў, оның зыянлы тәреплерин ашып бериў менен бирге оларды туўрылыққа, ҳадаллыққа тәрбиялайды. Айырым термелерде балалардың ойлаў қәбилетлилигин раўажландырыў мақсетинде есап-санақ арқалы тәжирийбеде сыналған адам турмысында көп ушырасатуғын нәрселер ҳаққында айта келип, не нәрсениң жаман екенлигин ашып береди.

Мысалы: Бир дегенде не жаман,
Билимсиз өскен ул жаман,
Еки дегенде не жаман,
Елеўсиз келген жаў жаман,
Үш дегенде не жаман,
Үшкилсиз пишкен тон жаман ҳәм т.б.

Термелерде ата-ананың баласына деген меҳир-мухаббаты, қыйын жағдайларда бирин-бири қуўатлаўлары тымсаллар арқалы бериледи. Мәселен:

Қаршыға қустың баласы,
Қайында болар уясы,
Қайыңның басын жел қақса,
Қайғыда болар анасы

Әдетте, термелер жыраўлардың қайта ислеўи арқалы жетилистирилип барылады ҳәм өз алдына жанр сыпатында қәлиплесип барған.

Сондай-ақ, қарақалпақ балалар фольклорында аталар тилинен айтылатуғын жанрлардың бири термишлер есапланады. Термишлер термелер сыяқлы жүйели сөзлерден алынып бесик жасындағы балаларға арнап айтылады. Термишлерде ақыл-нәсият формасында балаларды келешекте жақсы инсанлар болып жетилисиўинде ата-ана менен балалары арасындағы меҳир-мухаббат туйғыларының баян етилиўи арқалы жас әўлад тәрбиясындағы көплеген унамлы мәселелер сөз етиледи ҳәм усылар арқалы оларды ҳәр тәреплеме жетик инсанлар етип тәрбиялаўға ҳәрекет етеди.

Термелер ҳәм термишлер өз тыңлаўшыларына терең тәсир етеди, оны ықлас пенен тыңлайды, ондағы айтылған ақыл сөзлер адамлардың бай тәжирийбесинен дөреген, оның ең жақсы үлгилери ҳәзирги күнде де балалар тәрбиясында үлкен тәрбиялық әҳмийетке ийе.

**Әдебиятлар**

1.Әмирлан С.Е. Дәстүрий балалар фольклоры мәселеси Нәжим Дәўқараев нәзеринде. Вестник №1. –Нөкис: 2016.
2. Балалар сөз өнери ҳәм ойынлары. Қарақалпақ фольклоры. 100-том. -Нөкис: 2015.
3. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. 2-том. –Нөкис: 1977.
4. Кәримов И. Жаңаша ойлаў – дәўир талабы. –Нөкис: 1997, 3-б.
5. Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. –Нөкис: 1996.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ халқ болалар фольклори намуналаридан фойдаланиб кичик мактаб ёши болаларининг мустақил фикрлашини ривожлантириш масалалари ёритилиб берилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются материалы детского народного фольклора и показана их роль в развитии свободного мышления у детей младшего возраста.

**SUMMARY**

Tne author of the studies the materials of childrens` national Karakalpak folklore and shows their role in the development of the critical thinking of school children.

## БОШЛАНҒИЧ СИНФ ЎҚУВЧИЛАРИНИНГ МАТННИ ЎҚИШ ВА ТУШУНИШ СИФАТИНИ PIRLS АСОСИДА БАҲОЛАШ УСУЛЛАРИ

**Н.Абдувалитов -** *катта ўқитувчи*
*Низомий номидаги Тошкент давлат педагогика университети*

**Таянч сўзлар**: бола шахси, ахборот алмашиш компетенцияси, ўқиш саводхонлиги, матн, PIRLS баҳолаш дастури, PIRLS баҳолаш дастури асосидаги тест топшириқлари.
**Ключевые слова:** личность ребёнка, компетенция обмена информацией, культура чтения, текст, программа оценки PIRLS, тестовые задания основанные на программе оценки PIRLS.
**Key words**: child's personality, information sharing competence, reading culture, text, PIRLS assessment program, test tasks based on the PIRLS assessment program.

2017-2021 йилларда Ўзбекистон Республикасини ривожлантиришнинг бешта устувор йўналиши бўйича "Ҳаракатлар стартегияси"да умумий ўрта таълим муассасаларида таълим-тарбия сифатини тубдан такомиллаштириш борасидаги вазифалардан бири сифатида халқаро талабларга мос равишда ўқувчи шахсини ривожлантиришга йўналтирилган таълим методологиясини амалиётга жорий этишмасаласи кун тартибига қўйилиши бошланғич таълим тизимига ҳам янгича ёндашувни тақоза этади.

Бола шахсини ҳар томонлама ривожлантиришга мактабгача таълим ташкилотида пойдевор қўйилса, ундан кейин бошланғич таълим тизимида шакллантиришга йўналтирилади. Шунинг учун ҳам бошланғич таълим – ўқувчи ҳаётида муҳим ўрин тутади. Бошланғич синфларда – ахборот алмашиш компетенциясининг шакллантирилиши таълим сифатига жиддий таъсир кўрсатади. Бошланғич синф ўқувчиларининг ахборот алмашиши компетенцияси асосан "Ўқиш" дарсларида амалга оширилади. Шунга кўра, ўқувчиларнинг ўқиш саводхонлигини ривожлантириш ўқитувчидан замонавий ўқитиш шакллари, метод ва усулларини ўринли қўллашни талаб этади. Ўқитувчи шу жараёнда ўқувчиларни матн билан ишлаш, ахборотни ўзлаштириш, уни қайта ишлаб узатиш ҳамда ўзларини қизиқтирган саволларга жавоб топишга ўргатади. Шу аснода ўқувчилар ўзлаштирган билимлар баҳоланади.

Бугунги кунда жаҳон таълим тизимида ўқувчиларнинг билим сифатини баҳолашда миллий дастурлардан ташқари халқаро баҳолаш дастурлари ҳам кенг қўлланилмоқда. Жаҳон миқёсида бошланғич синф ўқувчиларининг матнни ўқиш ва тушуниш даражасини аниқлаш бўйича ҳар беш йилда бир марта ўтказиладиган **PIRLS** дастури ишлаб чиқилган бўлиб, ушбу дастур 2001 йилдан фаолият кўрсатиб келмоқда.

**PIRLS** дастури бўйича кўзда тутилган мақсад дунё мамлакатларининг бошланғич синфларида ўқувчиларнинг матнни ўқиш ва тушуниш даражасини тенглаштириш ҳамда миллий таълим тизимида ўқиш саводхонли-